



Pou Piblikasyon Imedya: 11/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKSYON POU PWOTEJE AKSÈ AK AVÒTMAN  
ATRAVÈ MEDIKAMAN NAN ETA NEW YORK**

***Eta a ap estoke 150,000 dòz Misoprostol, yon pwovizyon pou senkan, pou satisfè bezwen aktyèl yo prevwa yo***

***Gouvènè a ap travay ak lejislati sou nouvo pwoteksyon pou pwoteje aksè ak avòtman atravè medikaman***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Eta a pral estoke medikaman pou avòtman ki se Misoprostol nan kad efò kontinyèl yo pou pwoteje aksè ak avòtman. Sou enstriksyon Gouvènè a, Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, NYSDOH) pral imedyatman kòmanse achte Misoprostol pou yo kapab estoke 150,000 dòz, yon rezèv pou senkan, pou satisfè bezwen yo prevwa yo.

"Ekstremis ki kont chwa yo montre ke yo p ap sispann ranvèse *Roe*, epi y ap travay pou demonte nèt sistèm swen sante repwodiktif peyi nou an, ki gen ladan avòtman atravè medikaman ak kontrasepsyon", **Gouvènè Hochul te deklare.** "New York ap toujou yon pò ki an sekirite pou swen avòtman, epi mwen ap pran mezi pou pwoteje aksè ak avòtman nan Eta nou an epi kontinye dirije nasyon an nan defann dwa pou otonomi repwodiktif."

Bati sou yon [investisman](#) 35 milyon dola k ap mennnen nan peyi a pou sipòte founisè avòtman ane pase a, Gouvènè Hochul te anonse tou ke si yo retire medikaman pou avòtman Mifepristone lan sou mache a, Eta a pral angaje jiska yon lòt 20 milyon dola bay founisè yo pou sipòte aksè ak lòt metòd swen.

Pou pwoteje plis aksè ak medikaman pou avòtman, Gouvènè Hochul ap travay kounye a ak Lejislati a sou nouvo lejislasyon pou mande konpayi asirans prive yo kouvri Misoprostol lè yo preskri li san etikèt pou avòtman, epi pou asire ke pa gen okenn founisè ki peye pou ogmantasyon pousantaj pwoteksyon pou neglijan medikal oswa pèdi pwoteksyon akòz preskripsyon Misoprostol san etikèt la.

Anplis estoke medikaman pou avòtman, Gouvènè Hochul te pwopoze tou plizyè aksyon pou pwoteje aksè ak swen pou avòtman epi sipòte founisè avòtman yo nan kad Bidjè Egzekitif pou Ane 2024 li te pwopoze a, tankou:

- Ogmantasyon pousantaj ranbousman Medicaid yo
- Bay 25 milyon dola nan sipò pou founisè yo
- Pèmèt famasyen yo preskri kontraseptif
- Aplike pwoteksyon vi prive done, ak
- Ogmante aksè pou avòtman nan kanpis SUNY ak CUNY yo

Depi ke Tribinal Siprèm Etazini te pibliye desizyon *Dobbs* ane pase a, ki retire dwa repwodiktif plizyè milyon moun, Gouvènè Hochul te pran responsabilite pou asire aksè pou tout moun k ap chèche swen pou avòtman. Anplis kreye yon fon 35 milyon dola ki pi enpòtan nan peyi a pou sipòte swen pou avòtman, Gouvènè Hochul te travay ak Lejislati a pou [adopte sis nouvo lwa](#) pou pwoteje ak sipòte founisè yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418